



YON ENVITASYON POU PATISIPE NAN REYINYON KOMINOTÈ SOU PLAN REDEKOUJAJ POU MANM KONSÈY DISTRI A

Chè Rezidan:

Après li revize done Resansman peyi Etazini pou ane 2020 a, Konsèy Lekòl la ap revize, fòmile, ak apwouve yon plan redekoujaj, epi pase yon rezolisyon ki defini limit yo nan plan sa a, anvan fen ane 2021 an. Pwosesis sa a gen ladan retrase limit pou nèf zòn abitasyon Konsèy Lekòl la ki reflekte chanjman nan popilasyon pou chak manm konsèy la, depi apre resansman ane 2010 nan peyi a. Nou pral vote sou nouvo limit yo nan pwochen reyinyon Konsèy Lekòl la.

Kat distribisyon manm Konsèy Lekòl nou pwopoze a pap afekte zòn prezans lekòl yo. Li pap afekte kote pitit ou ale lekòl. Sepandan, li ka afekte pou ki manm nan distri Konsèy Lekòl ou ka vote.

Konsèy Lekòl la chwazi "Florida International University (FIU)" (Inivèsite Entènasyonal Florid) kòm konsiltan pou pwosesis redekoujaj la. 'FIU' ap mennen yon pwosesis ouvè e transparan, e yo ap sèvi avèk metòd ak estanda modèn ki satisfè kondisyon pou devlopman nan plan redekoujaj yo. Patisipasyon kominote a se kle pou efò sa a reyisi.

Nou envite w vin patisipe nan youn nan sis reyinyon kominotè yo pou aprann sou pwosesis la epi pou bay opinyon ou. Si ou pa ka patisipe nan youn nan reyinyon yo an pèsòn, nou envite ou patisipe nan reyinyon sou entènèt la. Ou kapab tou fè remak oswa pataje opinyon ou sou plan redekoujaj distri yo lè ou voye yon imèl nan 2021redistricting@dadeschools.net.

Nou espere ou ap la ak nou!

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite <http://redistricting.dadeschools.net/>

Reyinyon Kominotè:

-  **Jedi 21 Oktòb 2021 • 6:30 diswa**
Lekòl Segondè Miami High
2450 SW 1st Street
Miami, FL 33135
-  **Samdi 23 Oktòb 2021 • 10:00 dimaten**
Lekòl Segondè South Dade
28401 SW 167 Avenue
Homestead, FL 33030
-  **Samdi 23 Oktòb 2021 • 2:00 nan aprèmidi**
[Sou entènèt \(nan Zoom\)](#)
-  **Madi 26 Oktòb 2021 • 6:30 diswa**
Lekòl Segondè North Miami
13110 NE 8th Avenue
North Miami, FL 33161
-  **Mèkredi 27 Oktòb 2021 • 6:30 diswa**
Lekòl Segondè Hialeah Gardens
11700 Hialeah Gardens Blvd.
Hialeah Gardens, FL 33018
-  **Jedi 28 Oktòb 2021 • 6:30 diswa**
Lekòl Segondè Felix Varela
15255 SW 96th Street
Miami, FL 33196